Pou Piblikasyon Imedya: 22/05/2026 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE FINISMAN DEVLOPMAN LOJMAN ABÒDAB POU GRANMOUN AJE KI KOUTE 48 MILYON DOLA NAN BROOKLYN

Bethany Senior Terraces nan East Flatbush bay 57 apatman abòdab pou granmoun aje nan Nouyòk, sa gen ladann kay ki gen sèvis sipò tou

Gouvènè Kathy Hochul te anonse ouvèti Bethany Senior Terraces, yon pwojè devlopman lojman nan pri abòdab ki koute 48 milyon dola nan katye East Flatbush nan Brooklyn. Nouvo bilding kat etaj la gen 57 apatman abòdab pou granmoun aje ki gen 55 lane ak plis, sa gen ladan dizuit apatman ki gen sèvis sipò. Anba lidèchip Gouvènè Hochul, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta Nouyòk la te kreye oswa prezève plis pase 11,000 kay abòdab nan Brooklyn. Bethany Senior Terraces kontinye efò sa a epi fè pati Plan Lojman 25 milya dola sou senkan Gouvènè Hochul la, ki sou wout pou kreye oswa prezève 100,000 lojman abòdab nan tout eta a.

"Chak Nouyòkè merite yon kote ki an sekirite ak abòdab pou yo vyeyi yo avk endepandans ak estabilite," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Bethany Senior Terraces transfòme yon teren ki te vid depi lontan nan Brooklyn pou fè l tounen kay modèn, ki ekonomize enèji pou granmoun aje, pandan l ap bay sèvis sipò k ap ede granmoun aje vilnerab yo byen viv. Devlopman tankou sa yo enpòtan anpil pou ede rezoud mank lojman nou genyen an epi bati katye ki pi an sante atravè Nouyòk."

RiseBoro Community Partnership Inc. devlope Bethany Senior Terraces pou ranplase de bilding vid kote Bethany Methodist Home for the Aged te konn ye anvan. Nouvo devlopman an gen 45 apatman yon sèl pyès, 12 apatman ki gen yon chanmakouche, ak yon apatman pou sirentandan an. Tout 57 apatman abòdab yo rezève pou fanmi ki touche 50 pousan Revni Mwayen Zòn nan oswa pi ba.

Dizuit apatman rezève pou lokatè ki kalifye pou sèvis sipò sou plas, sa gen ladan moun k ap lite ak sitiyasyon sanzabri. RiseBoro Community Partnership Inc. bay sèvis yo, epi yo gen ladan jesyon dosye, kowòdinasyon sante, ansanm ak pwogram sosyal ak rekreyatif ki fèt pou ede granmoun aje yo kenbe lojman ki estab epi vyeyi nan kay yo ak endepandans. Depatman Sante Eta Nouyòk la ap bay finansman fonksyònman pou apatman sipò sa yo atravè yon sibvansyon Inisyativ Lojman ki Bay sipò (Supportive Housing Initiative) Empire State.

Devlopman an gen ladan apatman ki totalman aksesib ak adaptab. Pral gen senk inite pou akomode rezidan ki gen pwoblèm mobilite ak de inite pou akomode rezidan ki gen andikap sansoryèl.

Bilding lan, ki mache sèlman ak elektrisite, te fèt pou respekte estanda 2020 Enterprise Green Communities Plus ak Passive House. Li gen karakteristik dirab tankou sistèm vantilasyon rekiperasyon enèji, limyè LED, aparèy Energy Star, materyèl ki gen ba nivo VOC (Konpoze Òganik Volatil), ansanm ak enstalasyon sou twati a ki kapab sipòte yon sistèm pano solè alavni.

Rezidan yo ap gen aksè ak biwo sèvis sipò, espas depo ak sal kominotè. Bilding lan gen teras deyò ki desann jouk nan yon gwo jaden kominotè ki bò kote antre prensipal bilding lan, epi ki bay antre nan espas sosyal andedan yo sou chak etaj. Gen yon sè idwoponik — ki sèvi ak dlo olye tè pou fè plant pouse. Gen yon kwizin kominotè ki konekte dirèkteman ak sè a, ki fèt pou òganize demonstrasyon kominotè sou jadinaj ak kwizin.

Finansman Eta pou devlopman an gen ladan Kredi Enpo Federal ak Eta sou Lojman pou Moun ki gen Revni Fèb ki jenere 14.4 milyon dola nan fon pwòp ak sibvansyon 7.8 milyon dola ki soti nan Biwo Renouvèlman Kay ak Kominotè Eta Nouyòk la. Otorite Rechèch ak Devlòpman nan Enèji Eta Nouyòk (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) te bay 716,000 dola kòm finansman, epi Depatman Prezèvasyon ak Devlòpman Lojman (Department of Housing Preservation and Development, HPD) Vil Nouyòk te bay 9.3 milyon dola kòm finansman.

Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta Nouyòk, RuthAnne Visnauskas, te deklare "Bethany Senior Terraces bay egzakteman kalite lojman Nouyòk bezwen plis — apatman ki abòdab, ki bay sipò, ki dirab, epi ki pèmèt rezidan yo rete konekte ak kominote yo chwazi a. Lè devlopman sa a transfòme yon pwopriyete ki te degrade an 57 apatman bon kalite, li ap fè objektif Gouvènè Hochul yo pou lojman ak klima avanse, pandan l ap ede kreye yon avni ki pi an sante ak pi abòdab pou granmoun aje nan Brooklyn."

Komisè Sante Eta Nouyòk, Doktè James McDonald, te deklare, "Pou granmoun aje yo, yon kay ki an sante epi aksesib esansyèl pou yo vyeyi ak diyite. Bethany Senior Terraces ap bay rezidan yo opòtinite pou yo viv ak endepandans pandan yo rete konekte avèk sèvis ak sipò yo bezwen pou yo byen viv. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul pou lidèchip ak angajman li nan elaji lojman abòdab atravè Eta Nouyòk."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral NYSERDA, Doreen M. Harris, te deklare, "Bethany Senior Terraces sèvi kòm yon egzanp sou fason pou bati lojman abòdab ki bay priyorite ak dènye teknoloji pwòp yo ansanm ak akomodasyon pou aksè ak mobilite. Amelyorasyon ki ekonomize enèji yo ki enkòpore nan pwojè sa a ap ede diminye itilizasyon enèji pou granmoun aje nan Nouyòk epi pèmèt yo viv nan espas ki pi pwòp ak pi modèn."

Direktè pa Enterim Biwo Eta Nouyòk pou Granmoun Aje a, Greg Olsen, te deklare, "Pwojè devlopman Bethany Senior Terraces la montre angajman Gouvènè Hochul pou elaji lojman abòdab ki adapte ak bezwen granmoun aje atravè eta a. Sèvis sipò sou plas yo ansanm ak pwogram sosyal ak rekreyatif yo ap ede asire granmoun aje yo gen aksè ak opòtinite pou yo rete endepandan, an sante epi aktif nan kominote yo. Granmoun aje nan Nouyòk yo gen yon gwo enpak nan chak kominote, kidonk mwen felisite Gouvènè Hochul pou efò kontinyèl li fè pou ede granmoun aje nan Nouyòk yo rete nan kominote yo chwazi a."

Durejtè Egzekitif Jeneral RiseBoro Community Partnership, Kieran Harrington, te deklare, "Depi lè RiseBoro te achte teren sa a ki te vid depi lontan rive jiska konstriksyon 57 kay totalman elektrik ak ki trè abòdab, nou fyè dèske nou konstwi Bethany Senior Terraces kòm yon plas kote granmoun aje nan Nouyòk ka vyeyi ak diyite, estabilite ak lespri kominotè. Nou kontan anpil pou nou kontinye devlope plis rezidans abòdab ak dirab ki soutni bezwen kominote nou an epi ankouraje rezistans anviwònmantal."

Reprezantant Yvette D. Clarke te deklare, "Ouvèti Bethany Senior Terraces la pa sèlman yon envestisman nan lojman abòdab, men tou yon envestisman nan diyite, estabilite ak opòtinite pou granmoun aje nou yo isit nan Sant Brooklyn. Nan yon moman kote twòp granmoun aje nan Nouyòk ap lite ak ensekirite lojman, devlopman sa a ap bay kay ki dirab ak sèvis sipò kote rezidan yo ka vyeyi ak diyiti ak endepandans. Mwen felisite Gouvènè Hochul, RiseBoro Community Partnership, Inc., ansanm ak tout patnè nou yo paske yo transfòme yon teren ki te vid depi lontan an yon modèl lojman ki gen konpasyon, ki pran klima an konsiderasyon, epi ki bay sèvis sipò sou plas. Ansanm, n ap pwouve tout Nouyòkè yo merite yon kote pou yo viv ki san danje epi abòdab ke yo ka rele lakay yo."

Ajennda Lojman Gouvènè Hochul la
Gouvènè Hochul angaje l pou l abòde kriz lojman Nouyòk la epi fè eta a vin pi abòdab ak vivab pou tout Nouyòkè yo. Depi Ane Fiskal 2023 a, Gouvènè a te travay pou ogmante kantite lojman pou rann lojman pi abòdab, lè li lanse yon Plan Lojman konplè senk ane ki vo 25 milya dola, adopte lejislasyon lojman ki pi enpòtan nan kèk deseni epi mete an aplikasyon nouvo pwoteksyon pou lokatè ak pwopriyetè kay. Anba lidèchip Gouvènè Hochul, HCR te kreye nouvo pwogram ki te lanse devlopman kay abòdab ak kay pou moun ki gen revni miks — pou alafwa lokatè ak pou moun k ap achte kay yo. Sa yo enkli Pwogram Kominote an Favè Lojman (Pro-Housing Community Program) an, ki pèmèt lokalite sètifye yo jwenn aksè eksklizif ak jiska 750 milyon dola nan finansman diskresyonè Eta a. Plis pase 410 kominote atravè eta a deja sètifye kòm an Favè Lojman, enkli Vil Nouyòk.

Kòm yon pati nan diskou Eta Leta 2026 Gouvènè Hochul la, Gouvènè a te pwopoze ajennda "Kite yo Konstwi" (Let Them Build) li a, yon seri gwo refòm pou akselere pwojè lojman ak enfrastrikti epi bese depans yo. Inisyativ sa a pral ankouraje yon seri refòm bon sans pou Lwa sou Revizyon Kalite Anviwònmantal (State Environmental Quality Review Act, SEQRA) Eta Nouyòk la ansanm ak aksyon egzekitif pou akselere kategori

pwojè ki esansyèl yo toujou jwenn ki pa gen enpak siyifikatif sou anviwònman an, men ki pandan twò lontan yo te bloke akoz biwokrasi epi yo te sijè a gwo reta.

Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2027 la, konplete Plan Lojman senk ane aktyèl Gouvènè a pou kreye oswa konsève 100,000 kay abòdab atravè tout Eta a, enkli 10,000 kay ki gen sèvis sipò pou popilasyon vilnerab, ansanm ak elektrifikasyon yon lòt 50,000 kay. Yo te kreye oswa konsève plis pase 81,000 lojman abòdab jiska dat. Bidjè Egzekitif la envesti tou 250 milyon dola nan finansman kapital pou akselere konstriksyon plizyè milye nouvo kay abòdab.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU